
# 4 चलू दस बनबै छी

0124CH04




## छीट बला कीड़ा आ ओकर डिजाइन

की अहाँ लेडीबग (सोनपंखी) देखलहुँ अछि?ओकर पूरा देह पर छीट (डॉट) बनल रहै छै।की अहाँ कहियो ओकर देह परहक छीटकेँ (डॉट) गिनलियै अछि?



क. प्रत्येक कीड़ाक उपर कतेक छीट(डॉट) छै,लिखू।











ख. इमलीक बीआ,कांकड़,बटन,टिकुली आदि चीजसँ किछु बुन्न(डॉट) बला डिजाइन बनाउ। प्रत्येक प्रारूपमे कतेक बुन्न (डॉट) छै ओकरा चीन्हू।



© NCERT not to be republished


ग. ललका टिकुली प्रारूपमे कतेक टिकुली छै, लिखू।





## आउ,खेलैत छी

घ. अपन दोस्त सभ संग खेलू।गोटी घुमाउ आ गोटी पर जे संख्या आबय डिब्बा पर ओतबे संख्या रांगू ।दोस्त संग बारी बारी सँ गोटी घुमाउ।



अपन रंग चुनू आ निचला डिब्बामे भरू।

हमर रंग

दोस्तक रंग



जाहि बच्चा ल'ग रंगीन डिब्बाक बेशी बक्सा हेतै ओ विजेता हेतै।

बिना गिनती केने सहज रूपसँ संख्याक बोध करैबा लेल गोली,बुन्न(डॉट) वा रंगीन कार्डक उपयोग करू। एकरा विकल्पीकरण कहल जाइत छैक। आवश्यकताक अनुसार डॉट डिजाइनसँ अलग-अलग डिजाइन आ आकारक आओर कार्ड बनाओल जा सकैछ, जाहिसँ 1 सँ 9 के बोध हो।



© NCERT not to be republished

## हेराइत बटन

गोला बानर अपन मनपसंद कमीज पहिरने अछि जाहिमे चारिटा बटन छैक। ओ बगीचामे गेल आ बहुत रास केरा खा गेल कियैकि ओकरा केरा पसीन छलै। अहाँ की सोचै छियै जे ओकर बाद की भेल हेतै?

एकटा बटन टूटि क’ दूर चलि गेल।मुदा ओ केरा छोड़बाक गप सोचियो नहि सकैत छल। तैं धीरे धीरे ओकर सभटा बटन टूटि क’ दूर चलि गेलै।



चारि

☐ बटन



तीन

☐ बटन



दू

☐ बटन



एक

☐ बटन



सुन्ना

0 बटन


अंतमे कतेक बटन बचलै,एहि पर कक्षामे चर्चा करू। बच्चा सभकैं अपना ल’ग-पासमे ओहन वस्तुक नाम बजबा लेल कहियौ जकर संख्या शून्य छै। बच्चा सभकैं ई बुझबाक जरूरति छैक जे एक,दू अथवा आन संख्या जकाँ शून्य सेहो एकटा संख्या छै। बच्चा सभ संग संतुलित आहारक लाभ आ बेशी खेलाक दुष्परिणाम पर चर्चा करू।




© NCERT not to be republished

गाछ पर बैसल चिड़ैक संख्या लिखू।












## शून्य लिखू






## सोचू आ बताउ

क. अहाँ रातिमे कतेक सूर्य देखै छी?

ख. अहाँ दिनमे कतेक चान देखै छी?



स्थूल पदार्थक उपयोग करैत एक एकटा वस्तु घटबैत शून्यक अवधारणा स्पष्ट करू।ओहि परिस्थिति पर चर्चा करू जखन एकटा वस्तु अनुपस्थित अछि आ ओकरा शून्य कहल जाइत छैक।जेना कक्षामे शून्य बस छैक। बच्चा सभकैं पहिने पांचसँ शून्य आ तखन दससँ शून्य धरि उनटा गिनती करबा लेल प्रोत्साहित करू।








© NCERT not to be republished


## दसम जन्मदिन

ई आस्थाक दसम जन्मदिन छैक। ओकर पिता ओकरा लेल हलुआ बनौलनि।ओ अपन जन्मदिन दोस्त सभ संग मना रहल अछि।






हम नौ सालक छी आ एक साल बाद हम दस बरखक भए जायब। तैं 9आ 1 मिलि कए दस होइत छैक।



ओ अपन जन्मदिन पर ______ दीप जरौलक।

वस्तु सभकैं गिनू आ लिखू।












| मनका दाना | लड्डू | मोमसँ बनल रंगीन कलम (क्रेयॉन) | केरा | पत्ता |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

© NCERT not to be republished


## आउ, करै छी

क. गिनू आ दस टा मनका दानाक एकटा चित्र बनाउ।


i.



ii.



iii.




iv.




ख. बटनक चित्र बनाउ आ दस टा बटनक एकटा फ्रेम बनाउ।


i.




ii.






iii.



iv.



© NCERT not to be republished


| | |
|---|---|
|  | 1 आ 4 |
|  | __ आ __ |
|  | __ आ __ |
|  | __ आ __ |
|  | __ आ __ |



## आउ, खेलै छी

अहाँ तीनटा आंगुर देखाउ। अहाँक मित्रकैं ओतबे आंगुर देखैबाक छै जकरा जोड़लासँ पांच बनै छै।




















© NCERT not to be republished

## दस के संख्या- जोड़ी

आउ,दुनू हाथसँ आंगुरक खेल खेलै छी।एकटा बच्चा किछु आंगुर देखेतै आ दोसर बच्चाकेँ बाकी मोड़ल आंगुर देखैबाक छै।

ई पैटर्न देखू आ नीचां देल गेल संख्या-जोड़िकेँ तालिकामे लिखू।

| | | | |
|---|---|---|---|
|  |  | = |  |
| 1 | 9 | = | 10 |
|  |  | = |  |
| | | = | |
|  |  | = |  |
| | | = | |
|  |  | = |  |
| | | = | |
|  |  | = |  |
| | | = | |

© NCERT not to be republished



## आउ कार्डसँ (पत्तासँ) खेलाइ छी




### संख्या कार्ड 0 सँ-10 के सेट)

सभ कार्डकेँ उनटा राखू।एकटा बच्चा एकटा कार्ड उठाओत आ ओकरा सीधा राखत। दोसर बच्चा दोसर कार्ड उठाओत आ ओकरा सीधा राखत। जँ दुनू कार्डक अंक जोड़िक' दस होइत छैक त' दोसर बच्चा दुनू कार्ड ल' लेत।आब पहिल बच्चाक कार्ड उठयबाक बारी दोबारा अओतै जे दोसर कार्ड उठाओत।



## बीस तक गिनती









सिमरन नागपुरमे रहैत छै ।ओ समतोला पैक करबामे अपन पिताक मदति करैत छैक।एकटा बक्सामे दसटा समतोला अबै छै।आउ समतोलाक संख्या गिनै छी।

| | | |
|---|---|---|
|  | 10 | 10 दस |
|  | 10 आ 1 होइत छै | 11 एगारह |
|  | 10 आ 2 होइत छै | 12 बारह |

पांच आ दसक विभाजन बुझबामे मदति करैत बच्चा सभसँ वार्तालाप करू । उदाहरण लेल जँ अध्यापक दू(2) कहैछ त' बच्चाकेँ तीन (3) उत्तर देबाक छै।ओहिना 10 के विभाजन करैत जँ अध्यापक चारि (4) कहैछ त' बच्चाकेँ छौ(6) उत्तर देबाक छै। ई ओ समय छैक जखन बच्चाकेँ 10 सँ ऊपर गिनती सिखबाक छै।बच्चाक ध्यान एहि दिसि आकर्षित करबाक चाही जे प्रत्येक पूर्ववर्ती संख्यासँ एक बेशी संख्या होइत छैक।



© NCERT not to be republished

| | | |
|---|---|---|
|  | 10 आ 3 होइत छै | 13 तेरह |
|  | 10 आ 4 होइत छै | 14 चौदह |
|  | 10 आ 5 होइत छै | 15 पन्द्रह |
|  | 10 आ 6 होइत छै | 16 सोलह |
|  | 10 आ 7 होइत छै | 17 सतरह |
|  | 10 आ 8 होइत छै | 18 अठारह |
|  | 10 आ 9 होइत छै | 19 उनैस |
|  | 10 आ 10 होइत छै | 20 बीस |

© NCERT not to be republished

एगारहसँ बीस तक (11-20) संख्या लिखू

| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 14 | | | | | 19 | |
| | | | | | | 17 | | | |
| 11 | | | | | | | | | 20 |
| | | 13 | | | | | 18 | | |
| | | | | 15 | | | | | |
| | 12 | | | | | | | 19 | |


© NCERT not to be republished

बच्चा सभकेँ कोनो स्थूल पदार्थ दस आ आगूक संख्याक सहायतासँ बीस तक गिनबामे मदति करू ।हुनका किछु बीआ आ बटन दियौन जे बीससँ बेशी नहि हो। पहिने हुनका अनुमान लगबए दियौन,फेर जोड़ि कए गिनबा लेल कहिअनु। हुनकर अनुमान कतेक सही छल?बच्चा अपन अनुमानक आधार कहि सकैत छथि।



## गिनू आ लिखू

क. गिनू आ उत्तर लिखू





ख. दसमे विभाजित संख्याक फ्रेमकैं रंगि क' संख्या बताउ।

**14**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |

**19**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |

**16**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |





| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |

ग. संख्याकैं क्रमसँ लिखू।


| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 3 | |
| 8 | | 6 | |
| 9 | | | 12 |
| | 15 | | |
| | | | 20 |

© NCERT not to be republished

घ. चित्रमे दसके समूह पर गोला लगाक' संख्यासँ मिलान करू।

| | |
|---|---|
|  | 17 |
|  | 16 |
|  | 20 |
|  | 10 |

ङ. बच्चा सभहक एकटा समूह खेलैत- खेलैत एकटा मीनार बनौलक।



i. ✓ सभसँ ऊंच मीनार पर सहीके ✓ निशान लगाउ।

ii. कोन मीनारमे सभसँ बेशी सांचा लागल अछि। एहिमे उपयोग भेल सांचाक संख्या लिखू। ____

iii. कोन मीनारमे सभसँ कम सांचा लागल अछि। एहिमे उपयोग भेल सांचाक संख्या लिखू। ____

© NCERT not to be republished



## आउ, करै छी

क. सभसँ छोट संख्या पर गोला लगाउ।

i. 8, 12, 6 ii. 14, 11, 19

ख. सभसँ पैघ संख्या पर गोला लगाउ।

i. 16, 19, 11 ii. 11, 17, 9

ग. बिलाड़िक पंजाक नीचां नुकायल संख्या ताकू।

| | |
|---|---|
| i. | ___, 15, 16, ___, 18 |
| ii. | ___, 12, ___, 14, 15 |
| iii. | 15, ___, ___, ___, 19 |
| iv. | 13, ___, 15, ___, ___ |



घ. सभसँ पैघ सँ सभसँ छोटक क्रममे संख्या लिखू 11, 3, 16, 20, 13, 9


| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |


बच्चा सभकेँ अपनेसँ ओ तरीका ताकए दियौ जे ओ सभसँ पैघ संख्या चीन्हि सकय। बच्चाकेँ ई जरूर बुझबाक चाही जे 15 पैघ छैक 11सँ, कारण ओहिमे चारि बेशी छै।अहिना बीस तक आन संख्याक विषयमे सिखाउ।



© NCERT not to be republished

ङ. आउ गिनै छी आ लिखै छी






i. सांचाक संख्या

ii. उज्जर डॉटक(बुन्नक) संख्या

च. एकसँ बीस तक संख्याक जोड़ू।




की ई एकटा जानवर छै वा चिड़ै?



## परियोजना कार्य

क. अपन लग'पासक ओहन वस्तु सभकैं ताकू जे दस के समूहमे अछि।जेना टिकुलीक पात जाहिमे दसटा टिकुली होइ छै।

ख. बच्चासभकैं अपन संख्याबला कार्ड दससँ बीस धरि (10--20) बनैबाक निर्देश दियौ।ओ पुरान कूट आ अपशिष्ट पदार्थक उपयोग कए सकैत छथि।

बच्चा सभकैं दससँ ऊपर गिनती करैत काल दस के समूह आ दससँ आगूक संख्या चिन्हबा लेल प्रोत्साहित करू।



© NCERT not to be republished